

# Touye Mikwòb avèk Klowòks

Aprè yon dezaz, mikwòb pral akimile andedan kay ou. Yo ka fè w malad. Itilize klowòks pou touye mikwòb ki sou bagay dlo sal oswa dlo egou pase sou yo.




✓ Si genyen, mete bòt an kawoutchou, gan an kawoutchou, ak linèt pwoteksyon.

✓ Si w andedan kay, lè wap itilize klowòks, louvri fenèt yo ak pòt yo pou lè fre ka rantre.



✓ Netwaye bagay ki di avèk savon e ak dlo. Apresa, netwaye yo avèk 1 tas klowòks likid ki sèvi nan kay ke w melanje nan 5 galon dlo. Fwote sifas ki di yo avèk yon bwòs ki rezistan. Kite yo seche poukont yo.



✓ Si w pagen klowòks likid ki sèvi nan kay, itilize savon ak dlo.

✗ Piga w janm melanje klowòks avèk amonyà oswa avèk lòt pwodui netwayaj.